

Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU AKSELERE CHANJMAN POU
ENSKRIPSYON NAN PATI A POU RANN LI PI FASIL POU VOTE NAN ELEKSYON
PRIMÈ YO**

***Chanjman pou Enskripsyon nan Pati a oswa Nouvo Enskripsyon yo te Fè jiska 14
Fevriye a ap Antre an Vigè Imedyatman***

***Gouvènè Cuomo: "Pandan ke administrasyon federal la kontinye ap chache
nouvo wout pou prive elektè yo dwa yo nan tout peyi a, nan New York nou ap fè
chanjman monimantal pou ranvèse plis baryè ak bwat bilten an epi nou ap
ankouraje plis moun pou egzèse dwa fondamantal sa a. Mezi sa a pral rann li plis
fasil pou Nouyòkè yo rive fè yo tandè vwa yo nan primè prezidansyèl, pou kongrè
ak Eta a, sa ki fonde sou anpil refòm yo nou te fè pou ranfòse sistèm eleksyon
New York la epi ogmante aksè elektè yo yon fwa pou tout".***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.6532A/A.8228B) pou akselere chanjman pou enskripsyon nan pati a pou rann li plis fasil pou elektè yo patisipe nan eleksyon ki ap vini yo. Jiska prezan, chanjman pou enskripsyon nan pati a pa te an vigè jiska apre eleksyon jeneral Novanm lan, nan egzije elektè yo pou tann tout yon ane pou chanjman yo antre an vigè. Nouvo lwa a pral retire delè 11 Oktòb la epi li pral bay elektè yo jiska 14 Fevriye pou fè chanjman yo pou enskripsyon nan pati a epi toujou vote nan primè prezidansyèl, pou kongrè ak Eta Avril yo. Chanjman yo pral antre vigè imedyatman.

"Pandan ke administrasyon federal la kontinye ap chache nouvo wout pou prive elektè yo dwa yo nan tout peyi a, nan New York nou ap fè chanjman monimantal pou ranvèse plis baryè ak bwat bilten an epi nou ap ankouraje plis moun pou egzèse dwa fondamantal sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa a pral rann li plis fasil pou Nouyòkè yo rive fè yo tandè vwa yo nan primè prezidansyèl, pou kongrè ak Eta a, sa ki fonde sou anpil refòm yo nou te fè pou ranfòse sistèm eleksyon New York la epi ogmante aksè elektè yo yon fwa pou tout."

Senatè Brian Kavanagh te deklare, "Avèk chanjman nou ap adopte jodi a, nou ap diminye siyifikativman yon obstak ki te anpeche anpil Nouyòkè yo pou rejwenn pati chwa yo a epi patisipe nan eleksyon primè yo. Nan travay pou refòm lwa sou enskripsyon nan pati a ki ekstrèmman restriktif pou anviwon yon deseni an, mwen kontan ke nou kapab ajoute refòm sa a ki agreyab pou elektè yo sou anpil sa nou deja adopte yo ane sa a pou pwoteje ak etann dwa pou vote epi mete nouvo lwa sou eleksyon New York yo nan menm nivo ak sa ki pi bon nan peyi a. Mwen remèsye Lidè Andrea Stewart-Cousins, Komite sou Eleksyon Sena a (Senate Election Committee) Chair Zellnor Myrie, Pòtpawòl Carl Heastie, ak pwomotè Asanble Jonathan Jacobson

pou lidèchip yo, epi evidaman Gouvènè Andrew Cuomo dèske li siyen pwojè lwa sa a pou vini yon lwa epi kontinye bati sou rejis solid refòm li a".

Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare, "Vote ta dwe senp ak fasil. Pandan sesyon ane sa a, Lejislati a te vote anpil refòm ki siyifikatif, gen ladan vòt bonè yo. Pwojè lwa ke Gouvènè Cuomo a te siyen jodi a etann dramatikman peryòd pou elektè yo chanje enskripsyon nan pati yo a. Elektè yo kapab chanje kounye a estati enskripsyon yo a jiska sèlman 10 semèn avan Primè Prezidansyèl la. Mwen aplodi Gouvènè a dèske li siyen pwojè lwa sa a epi li kontinye sipòte ekspansyon dwa elektè yo nan Eta New York".

Chanjman nan enskripsyon ke elektè yo te fè apre 14 Fevriye a pral antre an vigè sèt jou apre primè an Jen pwochen an.

###

Lòt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)